



# Pwopozisyon pou Renome Lekòl la ak Espas yo

7 Desanm 2022

Sam DePina  
Sipè-entandan Adjwen pou Fonksyònman



**Pwopozisyon:** Nan mwa Desanm 2021 an, apre plizyè ane konvèsasyon/diskisyon, kominote McKinley an te kòmanse pwosesis fòmèl la pou mande yo fè yon chanjman non. Nan fen pwosesis la, selon done yo te kolekte nan faz 1 a 5 lan, Konsèy Sit Lekòl la te vote pou yo soumèt Melvin H. King South End Academy kòm nominasyon final.

Pouki se Melvin H. King?

- Moun ki rete Boston pandan tout vi yo
- Gradye nan BPS
- Moun ki te lekòl nan batiman ki loje SEA a aktyèlman
- Edikatè BPS
- Moun ki toujou ap chanpyon pandan jenès yo
- Reprezantan Eta pou 9yèm Distri Suffolk la
- Premye Afwo-ameriken ki genyen Primè Meri Boston nan
- Zanmi McKinley: te sipòte enstalasyon Fab Lab
- Li te sipòte anplwa Jèn McKinley
- Defann pwogram nou an

## Faz 1

- Tablewonn sou Ekite pou 15 Desanm lan:  
**Èske li Tan pou n Chanje Non?**
- 16-23 Desanm: Sondaj sou anplwaye yo
- 3-12 Janvyè Sondaj sou Elèv ak Paran yo
- 3-12 Janvyè: Sondaj sou patnè yo (*Google Doc*)
- 13 Janvyè: Revizyon done SSC pou detèmine pwochen etap yo. Done yo te montre dezi pou chanje non an.
- Rezilta: te pase nan ETAP 2 (SUP-4)

## Faz 2

- 21 Janvyè - 9 Fevriye: Rekizisyon pou nominasyon non

## Faz 3

- 10 Mas: Avi pou tout aksyonè yo ak grefye vil la
- 17 Mas: Journal
- 22 Mas: Odisyon Piblik

## Faz 4

- Avril 2022: Vòt SSC

## Faz 5

- 1 Mas: Soumisyon bay sipèrentandan an



## Sondaj ak Patisipasyon Komonotè

- Fanmi ak Manm yo nan Kominote a - 90% nan moun ki te patisipe nan sondaj la vle pou yo modifiye non aktyèl la oswa pou yo chanje li nèt.
- Elèv yo - 80% elèv yo te pase sondaj la vle pou yo chanje non aktyèl la oswa yo pa t pran pozisyon konsènan chanjman sa a
- Anplwaye yo - 87% nan moun ki te patisipe nan sondaj la vle pou yo non aktyèl la oswa yo pa t pran pozisyon konsènan chanjman sa a

Nan dat 13 Janvyè 2022 a, Konsèy Sit Lekòl la te detèmine done yo te montre gen dezi pou yo chanje non an.

## Konsiderasyon sou Ekite

Non yo gen sans: Èske non lekòl aktyèl pwogram nan:

- Reflete elèv nou yo ak fanmi nou yo, epi si li koresponn ak idantite yo?
- Abòde pwoblèm rasis la epi li fèmen Lakin nan Opòtinite?
- Pale avèk valè yo nan kominote lekòl nou an? (Jantiyès, Sekirite, Pèseverans, Respè ak Responsablite)
- Sisite fyète ak apresyasyon?



# Madison Park

**Pwopozisyon:** Chanje de sal nan Madison Park Technical Vocational High School pou onore de ansyen manm anplwaye: Charles McAfee ak Jose Solis.

Y ap chanje non Cardinal Hall an Charles McAfee Hall epi y ap chanje non Room 7-275 an Sant Elèv Jose Solis (Jose Solis Student Center).

## Charles McAfee

- Te Direktè Lekòl yo pou Madison Park soti ane 2000 rive ane 2012
- Te travay nan Lekòl Piblik Boston yo pandan 40 lane
- Te resevwa Prim Edikatè Milken lan nan lane 1999

## Jose Solis

- Te kòmanse karyè li nan Madison Park nan lane 1983 kote li te bay elèv yo konsèy ak sipò nan kad divès kalite pwogram
- Te okipe pòs Kowòdonatè pou Sipò Elèv la soti ane 1988 rive ane 2022

**Pwosesis:** Chanjman non sa reflète yon pwosesis kominotè ki vize onore de moun ki te pote yon gwo kontribisyon nan Madison Park Technical Vocational High School antèm de angajman pèsònèl ak pwofesyonèl yo anvè lekòl la.

- Nan dat 12 Fevriye 2022 a, anplwaye Madison Park Technical Vocational High School yo te vote an favè rekonesans gwo kontribisyon de manm anplwaye sa yo te pote yo, ki se Charles McAfee ak Jose Solis.
- Nan dat 29 Mas 2022 an, tout Konsèy Sit Lekòl la nèt te apwouve mezi a.
- Yo te fè yon odyans piblik nan dat 28 Avril 2022 a nan Madison Park konsènan pwopozisyon pou chanje non Cardinal Hall la ki te fèt nan lekòl la.
- Yon dezyèm odyans piblik te fèt nan dat 24 Mas 2022 a konsènan mezi a.

# Boston Arts Academy

**Pwosesis:** Non Boston Arts Academ yo refilete yon pwosesis kominotè ki vize onore toude moun ki te pote yon gwo kontribisyon nan BAA antèm de angajman pèsònèl ak pwofesyonèl yo anvè lekòl la ansanm ak yon onè pou onore kontribisyon filantwopik moun yo.

- Yon gwoup reprezantatif ki gen ladan l elèv BAA yo, fanmi/moun k ap bay swen yo, ansanm ak manm kominotè yo te konplete pwosesis zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal la.
- Yon reyinyon piblik pou manm kominote yo kapab bay kòmantè yo ak ide yo te fèt nan dat ki te 14 Oktòb 2021 an.
- Yon dezyèm reyinyon piblik te fèt nan dat 12 Avril 2022 a.
- Konsèy Administrasyon BAA te fè yon reyinyon pou yo kapab diskite sou non yo ak sou kòmantè yo te bay nan reyinyon piblik yo ki te fèt nan dat 10 Me 2022 a.
- Konsèy Administrasyon Boston Arts Academy an te fè yon vòt nan reyinyon konsèy ki te fèt nan dat 6 Jen 2022 an.

<b>Espas</b>	<b>Non</b>	<b>Rekonesans/Kontribisyon</b>
<b>Batiman BAA</b>	<b>Batiman Dr. Elma Lewis (The Dr. Elman Lewis Building)</b>	Doktè Lewis te vizyonè nan domèn edikasyon atizanal nan Boston, sitou pou elèv ki gen koulè yo.
<b>Sant Pwofesyonèl/Sal 103</b>	<b>Sant Pwofesyonèl Mary ak Bob Lentz (The Mary and Bob Career Center) la</b>	Mary Lentz te fè pati Konsèy Administrasyon BAA a epi fanmi Lentz te gen lontan yo fè don ak Fondasyon BAA a.
<b>Pwojè bibliyotèk Salklas</b>	<b>Salklas Fondasyon Martin Richard (The Martin Richard Foundation Classroom) la</b>	Angajman Martin nan lapè te vin tounen enpilsyon pou Fondasyon Martin Richard la, ke paran yo ki se Denise ak Bill te fonde nan mwa Janvyè 2014 la se yon entistisyon ki fè don.
<b>Boutik Sèn/Sal 131</b>	<b>Boutik Sèn Jerry Wheelock ak Elizabeth Wood (The Jerry Wheelock and Elizabeth Wood Scene Shop) la</b>	Jerry te fè pati Konsèy Fondasyon BAA a; Jerry ak Elizabeth gen lontan depi y ap fè don ak BAA epi yo se paran ansyen elèv nan BAA, Artemis Wheelock.
<b>Galri pwofesyonèl</b>	<b>Galri Sandra ak Philip Gordon (The Sandra and Philip Gordon Gallery)</b>	Sandra Gordon te prezidan fondatè Fondasyon Boston Arts Academy an.
<b>Estidyo Teyat/Sal 212</b>	<b>Estidyo Onè pou Ansyen Etidyan Teyat (The Theatre Alumni Honors Studio) yo</b>	Elèv BAA te chwazi non sa pou yo te kapab onore ansyen elèv eksepsyonèl yo.
<b>Estidyo Teyat/Sal 216</b>	<b>Estidyo Pwofesè Teyat Emerit (The Theatre Teacher Emeritus Studio) yo</b>	Elèv BAA te chwazi non sa pou yo te kapab onore pwofesè eksepsyonèl yo.



<b>Espas</b>	<b>Non</b>	<b>Rekonesans/Kontribisyon</b>
<b>Sal Konferans ki nan 2yèm Etaj la</b>	<b>Sal Reyinyon Doktè M. Lee Pelton (The Dr. M. Lee Pelton Board Room) lan</b>	Doktè Pelton te prezidan ni nan Konsèy Administrasyon BAA a ni nan konsèy Fondasyon BAA a.
<b>Biwo prensipal</b>	<b>Fon pou Enklizyon Konplè pou onore Doktè Anne Rogers Clark ak Sean Quinn Curran.</b>	Sean Curran te yon manm nan konsèy Fondasyon BAA a. Anne Clark te yon pwofesè fondatè e direktè adjwen nan lekòl la. Fon an sipòte enklizyon konplè nan BAA.
<b>Sant pou Kondisyonman Fizik</b>	<b>Sant pou Kondisyonman Fizik Fanmi Lewis (The Lewis Family Fitness Center)</b>	Donna Lewis se vis prezidan Konsèy Fondasyon BAA a; mari li se te Reggie Lewis ki se yon Lajnn Sèltik.
<b>Estidyo Dans/Sal 305</b>	<b>Estidyo Dans Andrea Herbert Major (The Andrea Herbert Major Dance Studio)</b>	Anne Herbert Major, se yon pwopriyetè e direktè atistik ki trè popilè nan toupatou nan Massachusetts ak lòt kote toujou antanke yon dansè, koyewograf e pwofesè ki reyisi.
<b>Estidyo Dans/Sal 309</b>	<b>Estidyo Pwofesè Dans Emerit (The Dance Teacher Emeritus Studio) yo</b>	Elèv BAA te chwazi non sa pou yo te kapab onore pwofesè eksepsyonèl yo.
<b>Estidyo Dans/Sal 308</b>	<b>Estidyo Onè pou Ansyen Etidyan Dans (The Dance Alumni Honors Studio) yo</b>	Elèv BAA te chwazi non sa pou yo te kapab onore ansyen elèv eksepsyonèl yo.
<b>Estidyo Dans/Sal 313</b>	<b>Estidyo Dans Eve ak Jonathan Rounds (The Eve and Jonathan Rounds Dance Studio) lan</b>	Eve Rounds te manm nan Konsèy Administrasyon an epi li te prezidan konsèy Fondasyon BAA a. Fanmi Rounds lan gen lontan depi l ap fè don.

<b>Espas</b>	<b>Non</b>	<b>Rekonesans/Kontribisyon</b>
<b>Etilis/Sal Dizay/Sal 408</b>	<b>Estidyo Pwofesè Art Vizyèl ak Dizay Emerit (The Visual Art and Design Teacher Emeritus Studio) yo</b>	Elèv BAA te chwazi non sa pou yo te kapab onore pwofesè eksepsyonèl yo.
<b>Estidyo Ekspozisyon/Sal 409</b>	<b>Estidyo Onè pou Ansyen Etidyan nan Art Vizyèl ak Dizay (The Visual Art and Design Alumni Honors Studio)</b>	Elèv BAA te chwazi non sa pou yo te kapab onore ansyen elèv yo.
<b>Sal Travay/Sal Kiln/Sal 406-B</b>	<b>Sal Palma Calaluca Webb Kiln (The Palma Calaluca Webb Kiln Room)</b>	Ashley Webb Colliery se manm nan Konsèy Fondasyon BAA a; fanmi Colliery a se donatè yo ye, epi sal la pote non manman Ashley.
<b>Estidyo Art Vizyèl 3D/Sal 406</b>	<b>Estidyo 3D Fondasyon Fanmi Boger (The Boger Family Foundation 3D Studio)</b>	Joshua S. Boger se yon chimis òganik epi li se fondatè Vertex Pharmaceuticals Incorporated. Amy Boger se yon atis seramik. Fanmi Bogers yo se donatè yo ye.
<b>Estidyo foto/Sal 415</b>	<b>Estidyo Foto Fondasyon Fanmi Boger (The Boger Family Foundation Photography Studio) la</b>	
<b>Galri Pin-Up/Sal 410</b>	<b>Galri Pin-Up Fondasyon Charite Rockland Trust-Blue Hills (The Rockland Trust-Blue Hills Charitable Foundation)</b>	The Rockland Trust-Blue Hills Charitable Foundation se yon enstitisyon ki fè don.
<b>Laboratwa pou Fabrikasyon Rad ki Alamòd/Sal 416</b>	<b>Laboratwa Fabrikasyon Ruth E. Carter (The Ruth E. Carter Construction Lab) la</b>	Yon manm nan konsèy Fondasyon BAA, Madam Carter te premye Afwo-ameriken ki genyen yon prim akademi nan kategori konsepsyon meyè kostim nan.
<b>Espas Travay pou Estajyè nan Domèn Sante ak Byennèt/Sal 418-G</b>	<b>Sal Dana McLean Greeley (The Dana McLean Greeley Room) a</b>	Dana McLean te yon sipòtè fondatè BAA epi li se yon moun ki òganize lapè ak jistis.

<b>Espas</b>	<b>Non</b>	<b>Rekonesans/Kontribisyon</b>
<b>Gwo Sal Gwoup/Sal 509</b>	<b>Sal Gwoup Curtis Warner (The Curtis Warner Ensemble Room) la</b>	J. Curtis Warner Jr. se te fondatè BAA ak Berklee City Music.
<b>Ti Sal Gwoup/Sal 519</b>	<b>Sal Gwoup Onè pou Ansyen Elèv nan Mizik (The Music Alumni Honors Ensemble Room) yo</b>	Elèv BAA te chwazi non sa pou yo te kapab onore ansyen elèv yo.
<b>Sal Koral/Sal 521</b>	<b>Sal Koral Juan ak Donna Fabish Tapia (The Juan and Donna Fabish Tapia)</b>	Juan Tapia ak Donna Fabish se te pè fondatè pou BAA.
<b>Sal Anrejistreman/Sal 543-A</b>	<b>Estidyo Anrejistreman Teknoloji Avid (The Avid Technology Recording Studio)</b>	Konpayi Teknoloji Avid te bay tout ekipman yo kòm don nan nouvo estidyo anrejistreman an epi li founi devlopman lojisyèl ak devlopman pwofesyonèl. Jeff Rosica, prezidan Teknoloji Avid, se prezidan konsèy Fondasyon BAA a.
<b>Teras la</b>	<b>Teras Fondasyon Red Sox la</b>	Red Sox se vwazen, patnè kominotè, e donatè BAA pandan anpil tan.

# Mattahunt Community Center

**Pwopozisyon:** Manm kominotè yo nan katye a konsènan Mattahunt Community Center/Mattahunt Elementary School te pwopoze pou yo bay gwo sal kote sant kominotè ki fè pati etablisman an pote non lidè kominotè pandan lontan an ki se Madam Annie Kinkead.

Madam Kinkead te yon rezidan ke moun renmen nan Mattapan epi li se yon militan nan katye a pandan plis pase 40 lane. Yo te admire li sitou pou plizyè dizèn ane li te devouwe tèt li nan amelyorasyon Mattapan, katye li menm ansanm ak defen mari li a, Gareth Kinkead, te rele avèk anpil lanmou “Shangri-La”. Madam Kinkead te mouri nan lane 2020 an.

Pakèt reyalizasyon li te fè yo:

- Lidè Asosiyasyon Katye nan Ri Colorado (Colorado Street Neighborhood Association), Shangri-La Community Gardens ak Shangri-La Walkers
- Te fè efò pou asire ke plas Almont lan te an sekirite epi li te pwòp pou rezidan yo.
- Yo te onore li kòm Moun ki T Ap Lite Kont Krim an 2014 nan Boston nan Ane Sware Nasyonal la.
- Manm legliz Charles Street AME Church
- Manm Konsèy Aksyon Senior an Mas, Franklin Park/Grove Hall Chapter of #4685 nan AARP ansanm ak Freedom House Goldnaires, yon òganizasyon sivik lokal.
- Te travay nan kolaborasyon sere nan kominote a avèk mari li, Gareth

**Pwosesis:** Tout etablisman Mattahunt lan sou jirisdiksyon BPS. Responsab lekòl Mattathunt lan, Walter Henderson ak Alphonso Campbell, Kowodonatè Lekòl Sant Kominotè Boston (Boston Community Hub School) lan, te jere pwosesis piblik la pou yo bay sal la non an kolaborasyon avèk Boston Centers for Youth & Families ansanm ak manm Gwoup Sitwayen Ri Colorado (Colorado Street Citizens Group).

- Manm Gwoup Sitwayen Ri Colorado (Colorado Street Citizens Group) te pwopoze pou yo chanje non direksyon BCYF ansanm ak Mattahunt Elementary School la.
- Konsèy Sit Lekòl la ansanm ak Konsèy Sit Paran an te apwouve pou yo bay sal la pote non Madam Annie Kinhead.
- Direksyon Mattahunt Elementary School la te fè yon reyinyon piblik (se Biwo Grefye a nan Vil la ki te enfòm li e afiche li; piblisite yo fè nan journal Bay State Banner la)
- Odyans piblik la te fèt 16 Novanm. Tout moun san eksepsyon nèt te apwouve pwopozisyon pou nonmen sal la.
- Pwomotè yo bezwen jwenn apwobasyon Kominote Lekòl la konfòmman ak sikilè Sipèrentan an